



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 28 oktòb 2012

**PREZIDAN OBAMA AKÒDE DEMANN GOUVÈNÈ CUOMO POU YON DEKLARASYON IJANS FEDERAL**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Prezidan Obama te akòde demann li pou yon deklarasyon ijans federal.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Yon fwa ankò, mwen di Prezidan an mèsè pou repons rapid li pou demann mwen pou yon deklarasyon ijans federal k ap anvigè nan tout Eta New York. Nou apresye sipò gouvènman federal la pandan n ap kontinye prepare pou Ouragan Sandy.”

Deklarasyon ap pèmèt gouvènman federal la bay èd ak resous pou gouvènman Eta New York ak gouvènman lokal yo pou sipòte aktivite ki asosye avèk depasman,abri, ak lòt mezi pwoteksyon.

Deklarasyon an ap bay New York èd teknik gratis nan nenpòt ajans federal pou sipòte repons eta a nan Ouragan Sandy. Sa gen ladan domèn tankou jesyon debri, jesyon lojistik ak pwodiksyon enèji elektrik.

Depatman Sekirite Teritwa, Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA), gen otorizasyon pou bay èd apwopriye pou mezi ijans ki nesèsè, ki otorize anba Tit V Lwa Stafford, pou sove lavi moun epi pou pwoteje byen ak sante ak sekirite piblik la, oswa pou diminye oswa pou detounen menas yon katastwòf nan zòn ki deziyen yo. Yon fason espesifik, FEMA gen otorizasyon pou bay mezi pwoteksyon pou ijans (Kategori B), ki limite nan èd federal dirèk, anba pwogram Asistans Piblik a 75 pousan finansman federal.

Èd sa a se pou tout konte ki nan Eta New York.

Yo ka fè lòt deziyasyon nan yon lòt dat apre si eta a mande sa epitou si sa garanti nan rezilta lòt evalyasyon.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418